

**Kapil Longani**  
Counsel to the Mayor**Alexis Blane**  
Principal Deputy Counsel**Bess Chiu**  
Chief of Staff**Katherine Cocklin**  
Deputy Counsel**KESYON YO POZE SOUVAN KONSÈNAN****SÈVIS RESTORASYON ANNDAN NAN VIL NEW YORK****Ki lè yo kapab rekòmanse sèvi manje anndan nan Vil New York?**

Tout restoran, etablisman restorasyon, ak lòt vandè ak konsesyon alimantè kapab rekòmanse sèvi manje anndan nan Vil New York apati **30 septanm 2020**.

**Ki sèvis restorasyon yon etablisman kapab ofri nan moman yo ap sèvi manje anndan?**

Kwake restoran ak lòt etablisman restorasyon kapab louvri nan espas anndan ak syèj pou kliyan chita, sèvis ba anndan dwe rete fèmen.

- Anplwaye yo kapab prepare bwason nan yon ba, men nou pa otorize okenn syèj oswa sèvis anndan ba a.
- Yo dwe sèvi tout bwason alkolize sou tab.

**A ki lè yo dwe ofri sèvis restorasyon anndan?**

Chak jou ant **5 èd dimaten ak minui**. Etablisman yo kapab otorize kliyan yo rete chita jiska 12:30 A.M., men se pou yo kapab gen posiblite pou fin manje sèlman.

**Èske gen limit sou kantite moun yo kapab sèvi manje anndan?**

**Wi**. San konte anplwaye, yo dwe limite kantite moun espas la kapab pran an **pa plis pase 25% omaksimòm nan kantite moun yo dwe sèvi a pou yon espas patikilye** (jan sètifika okipasyon an fikse l la). Yo dwe afiche nouvo limit sou kantite moun yo kapab sèvi omaksimòm nan byen klè anndan ak deyò restoran an.

**Èske yo otorize moun òganize evènman nan etablisman restorasyon?**

**Wi**, nou otorize evènman nan etablisman restorasyon, tankou gran espas evènman ak sal resepsyon men, san konte anplwaye, yo dwe limite kantite moun espas la kapab pran an a pa plis pase **25% omaksimòm nan kantite moun yo dwe sèvi pou yon espas patikilye** (jan sètifika okipasyon an fikse l la) oswa **50 kliyan, sa ki pi piti a**.

**Èske ou kapab ban mwen yon egzanp sou fason limit konsènan kantite moun espas la dwe pran an aplike pou evènman?**

**Wi!** Gade anba a.

**Kantite moun maksimòm 25% Kantite moun omaksimòm sou Limit maksimòm sou Kantite moun**

1000	250	50
500	125	50
200	50	50
100	25	25

### **Kilè nou oblije mete pwoteksyon figi?**

- Tout anplwaye dwe mete pwoteksyon figi toutan sof lè yo ap manje oswa lè yo ap bwè.
- Tout kliyan (ki gen 2 lane pou pi piti) dwe mete pwoteksyon figi toutan (sof si yo pa kapab tolere li medikalman). Pwoteksyon figi pa nesesè lè ou chita.

### **Èske etablisman anndan yo dwe fè verifikasyon tanperati?**

**Wi.** Yo dwe verifye tanperati anplwaye ak kliyan yo avan oswa tousuit nan moman yo ap rive nan etablisman an.

- Yo pa dwe otorize yon moun ki gen yon tanperati ki depase 100° Farenay pou antre.
- Etablisman yo dwe gen yon rejis tout verifikasyon yo fè. W ap jwenn detay yo [la](#).

### **Èske gen enfòmasyon anplis etablisman restorasyon yo kapab pran nan men kliyan yo?**

**Wi.** Yon moun nan chak pati dwe siyen epi bay non konplè li, adrès li ak nimewo telefòn li; yo ap itilize enfòmasyon sa yo nan kad efò Eta New York pou retrase kontak. W ap jwenn detay yo [la](#).

### **Kisa yo egzije konsènan distans sosyal pou kliyan ki kanpe nan liy?**

Tout kliyan dwe pran 6 pye distans lè yo kanpe nan liy anndan oswa deyò pou depistaj **epi** etablisman yo dwe make yon espasman sis (6) pye klèman kote liy yo fòme yo.

### **Èske etablisman yo dwe fè egzamen sante COVID-19 anplwaye yo?**

**Wi.** Etablisman yo dwe mete yon egzamen sante anplas chak jou pou tout anplwaye. Si nenpòt kliyan oswa anplwaye teste pozitif, etablisman an dwe suiv etap nou dekri [la](#).

## **ENSTRIKSYON SOU DINE AK SÈVIS**

### **Kisa yo egzije konsènan distans sosyal pou sèvis restorasyon anndan?**

- Dwe gen yon separasyon 6 pye omwen ant tab anndan yo nan tout direksyon. Lè distans pa posib, yo dwe separe tab yo ak baryè fizik ki mezire 5 pye wotè omwen epi yo pa dwe bare sòti pou ijans ak/oswa dife.
- Kliyan ki fè pati menm gwoup kapab chita youn kote lòt sou menm tab, akondisyon gwoup la gen 10 moun oswa mwens.
  - Kliyan ki fè pati menm gwoup ka pa soti nan menm kay.
  - Kliyan ki fè pati menm gwoup kapab rive, chita, epi ale nan lè diferan, depi entèraksyon yo rete limite a manm gwoup la.
- Nou pa otorize menm tab pou plizyè gwoup sof si gwoup yo kapab kenbe yon distans 6 pye ant yo.
- Kliyan yo dwe pran distans sosyal pandan yo ap tann kou pa yo pou yo itilize twalèt epi pandan yo ap itilize twalèt.

### **Èske kliyan yo kapab manje epi bwè pandan yo kanpe?**

**Non,** nou otorize yo chita anndan pou yo manje.

### **Èske mwen kapab òganize yon bifè?**

**Wi,** men moun **p ap kapab** sèvi tèt yo nan bifè a epi dwe gen ase pèsònèl pou asire kliyan yo pa touche objè komen. Yo dwe pran distans sosyal ki apwopriye.

### **Èske mwen kapab bay envite yo chalimo ak/oswa kidan?**

Etablisman yo dwe bay kliyan yo chalimo oswa kidan yo te vlope yo menm alavans

### **Èske anplwaye yo kapab manje anndan etablisman an**

Anplwaye yo kapab retire pwoteksyon figi yo a epi yo kapab manje nan kizin nan oswa anndan etablisman an depi yo kenbe distans sosyal. Si yon anplwaye ap manje anndan sou yon tab yo rezève pou kliyan, yo ap konte li nan limit 25% kantite moun omaksimòm nan.

### **Èske antrepriz mwen an dwe vann moun manje pou sèvi yo alkòl?**

Sa depan. Sèl restoran/ba ki gen lisans alkòl ki egzije yo mete manje disponib pou kliyan yo dwe vann moun ki ap achte alkòl manje. Sitou, se sèl moun ki kòmande manje antrepriz ki fonksyone sou lisans yo dwe sèvi alkòl.

### **Si mwen dwe sèvi manje kòm kondisyon lisans konsomasyon alkòl sou plas mwen an, ki manje yo otorize mwen sèvi?**

Otorite Nasyonal konsènan Alkòl (State Liquor Authority, SLA) defini tip ak kantite pwodui alimantè ki nesèsè pou reponn a “bezwen alimantè” [la a](#). Pou yon gwoup ki gen plizyè kliyan, ou kapab achte yon sèl pwodui alimantè patajab a kondisyon li ase pou sèvi kantite moun ki nan gwoup la

### **Èske yon kliyan dwe kòmande manje pou chak bwason alkolize li kòmande?**

**Non.** Depi manje li te kòmande nan premye kòmman bwason an gen ase sibstans epi kantite a te ase an fonksyon kantite moun ki genyen an, li pa nesèsè pou li kòmande lòt manje.

### **Èske mwen kapab gen espektak oswa yon DJ nan espas restorasyon anndan mwen an?**

Sa depan de lisans ou an. Nou otorize etablisman ki gen yon lisans apati SLA ofri mizik sou plas sèlman si sètifika lisans yo a ba yo otorizasyon ekspres pou yon aktivite konsa. Men, mizik la dwe akseswa, sa vle di se pa dwe yon evènman mizikal yo anonse oswa pou moun peye kote manje akseswa. Nou entèdi tout lòt fòm espektak (tankou dans egzotik, espektab komedi, elatriye).

### **Lisans mwen an otorize dans ak/oswa sèvis sou plas. Èske nou otorize yo?**

**Non**, nou pa otorize dans ak jwèt nan ba (tankou flechèt, biya, kònwol, elatriye) pou kounya.

## **EGZIJANS KONSÈNAN ESPAS TRAVAY**

### **Èske mwen dwe afiche pano nan etablisman mwen an?**

**Wi.** Etablisman yo dwe afiche pano an konfòmite ak egzijans Depatman Sante ak distans sosyal. W ap jwenn plis enfòmasyon e [la a](#).

### **Èske etablisman mwen an dwe konfòme li ak egzijans konsènan filtrasyon lè?**

**Wi**, etablisman yo dwe mete pwotokòl vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè anplas Gen plis enfòmasyon [la a](#).

### **Èske li nesèsè pou mwen fè kontwòl sistèm kizin nan alavans?**

**Wi.** Etablisman yo dwe fè kontwòl/evalyasyon sistèm kizin yo alavans avan yo relouvri.

### **Kòmman etablisman yo dwe jere kòlèt ak livrezon?**

Etablisman restorasyon yo dwe endike espas espesifik pou kòlèt ak livrezon vandè.

### **Èske gen egzijans konsènan distans sosyal pou espas kizin ak depo?**

**Wi.** Etablisman yo dwe entèdi plis pase yon (1) moun itilize ti espas, tankou kizin ak espas depo, sof si anplwaye yo mete pwoteksyon figi ki akseptab (Anplwaye yo toujou pa dwe depase 25% nan kantite moun espas sa yo dwe pran omaksimòm).

## **PLIS RESOUS**

### **Ki lòt resous mwen kapab konsilte?**

- [Gid Pwovizwa Depatman Sante nan Eta New York pou Sèvis Restorasyon anndan nan Vil New York](#)
- [Enstriksyon Faz 3/4 SLA pou Sit Etablisman](#)
- [Enstriksyon SLA sou Egzijans Lisans Konsomasyon sou Plas ki ofri Privilèj pou Sèvi Manje ansanm ak Bwason](#)
- [Enstriksyon Depatman Sante nan Eta New York konsènan Sèvis Restorasyon Anplennè ak Pla Anbwate](#)
- [Konsèy Vil New York pou Mè Vil New York la an Rapò ak Kesyon Yo Poze Souvan sou Sèvis Restorasyon Anplennè](#)
- [Enstriksyon Depatman Sante nan Eta New York pou Antrepriz ak Etablisman](#)

### **Mwen gen lòt kesyon konsènan règ sou sèvis restorasyon anndan. Kilès mwen kapab kontakte?**

Ou kapab voye yon imèl bay Mè a nan Biwo Konsèy nan [CounselToTheMayor@cityhall.nyc.gov](mailto:CounselToTheMayor@cityhall.nyc.gov) pou plis enfòmasyon. **Tanpri endike “indoor dining” (sèvis restorasyon anndan) nan objè a.**